



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI TWAZYÈM DISPENSÈ KANABIS POU ITILIZASYON ADILT NAN MANHATTAN

Òganizasyon san bi likratif pral ouvri Dispensè pou Vant an Detay pou Itilizasyon Adilt Kondisyonèl nan Union Square nan lendi

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti twazyèm lokal Dispensè pou Vant an Detay pou Itilizasyon Adilt Kondisyonèl (Conditional Adult-Use Retail Dispensary, CAURD) nan Manhattan, New York. Ouvèti magazen an avanse Inisyativ Opòtinite Semansman (Seeding Opportunity Initiative) Eta New York ak objektif eta a pou ekite an matyè lisans pou kanabis, ki priyore bay lisans pou moun ki enplike nan jistis, ki se moun ki gen yon kondanasyon pou kanabis oswa yon fanmi pwòch yon moun ki gen yon kondanasyon

"N ap konstwi yon endistri kanabis isit la nan Eta New York ki ekitab epi ki bay nouvo resous bay òganizasyon san bi likratif yo ki pote sèvis sipò pou kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa a se dènye etap enpòtan nan efò nou yo pou devlope endistri a, pandan n ap kreye travay ak opòtinite pou moun ki, istorikman, yo te siblè yo yon fason ki oa pwopòsyonèl pou enfraksyon kanabis yo."

Ouvèti dispansè a nan Manhattan pral fonksyone anba yon lisans ki posede pa Doe Store, yon filyal Doe Fund, ki se yon òganizasyon san bi likratif. Li pral opere pa Harbour Community. Sitiye nan 62 East 13th Street, yo pral konnen dispansè a kòm "Union Square Travel Agency (Ajans Vwayaj Union Square): Yon magazen Kanabis." Depi 1985, Doe Fund te ede prèske 30,000 moun kraze sik povrete, sitiyaasyon sanzabri, ak anprizònman devastatè a. Pwogram Pare, Dispoze, & Kapab (Ready, Willing & Able) li bay travay peye, lojman, ak sèvis sipò konplè pou gason ki sanzabri ak ansyen prizonye nan Vil New York. Li pral ouvri a midi nan lendi 13 fevriye. Premye èdtan fonksyonman yo pral 10 am-10 pm dimanch-jedi ak 10 am-11 pm vandredi ak samdi.

Prezidan Konsèy pou Kontwòl Kanabis la, Tremaine Wright, te deklare, "Ouvèti twazyèm dispansè sa a nan Manhattan make dènye etap enpòtan nan kwasans endistri Kanabis Eta New York la. Nouvo lokal sa yo pral ofri yon opòtinite pou biznis lokal yo kontinye grandi ak bati yon mache vibran pandan y ap pwofite demann k ap grandi pou

bon jan kalite pwodwi kanabis ki an sekirite, ki teste. Posiblite pou mache ki ap pran nesans nou an pa gen fen."

Chris Alexander, Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, te deklare, "Nou kontan anpil dèske nou gen yon lòt revandè kanabis ki an sekirite ak fyab ki disponib pou moun Eta New York yo ak tout moun ki chwazi patisipe. Ouvèti magazen tankou sa a pwoteje entegrite travay di nou an. Se yon moman enteresan pou itilizatè kanabis yo paske kounye a yo gen aksè ak plis pwodwi ki an sekirite ak fyab pase anvan."

Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare, "Pandan endistri kanabis la ap grandi nan New York, li enperatif pou sipòte moun ki gen lisans CAURD yo tankou Union Square Travel Agency ki santre ekite ak envesti nan kominote ki pi afekte pa legalizasyon marigwana. Manhattan kontan akeyi yon dispansè ke pwofi li yo finanse sèvis sipò pou Nouyòkè ki enplike nan jistis ki ap fè fas ak povrete ak sityasyon sanzabri."

Prezidan Union Square Travel Agency: Yon Magazen Kanabis, Arana Hankin-Biggers, te deklare, "Nou kontan dèske n ap aplike estrikti inovan sa a ki te kreye pa Eta New York, ki pèmèt òganizasyon san bi likratif yo travay ak sektè prive a pou asire fon yo ke yo mobilize nan nouvo endistri sa a pral jwenn popilasyon ki te pi afekte pa entèdiksyon kanabis la. Nou espere estrikti sa a pral sèvi kòm yon modèl ke rès peyi a pral vle imite."

Direktè Egzekitif Jeneral Union Square Travel Agency: Yon magazen Kanabis, Paul Yau, te deklare, "Nou rekonesan anpil ak tout moun ki te kontribye nan ouvèti Union Square Travel Agency a: Yon Magazen Kanabis. Soti nan patnè etonan nou yo nan The Doe Fund ki te gen kouraj ak inovasyon pou anbrase opòtinite sa a; pou OCM, Eta New York ak Vil New York pou prepare wout pou nouvo endistri sa a ak angajman kontinyèl yo nan asire endistri legal sa a pral yon siksès; manm ekip etonan nou yo ki te travay lajounen kou lannwit pou mennen nou nan pwen sa a; ak zanmi nou yo ak fanmi ki te sipòte nou nan efò sa a depi nan kòmansman an. Nou remèsye nou tout."

Prezidan Lisans Kanabis la, Community Board 2 Manhattan, Mar Fitzgerald, te deklare, "Community Board 2 fyè dèske li se lidè angajman kominotè kanabis la nan Vil New York. Biznis kanabis la amelyore katye nou yo lè yo bay yon sèvis inik ki ogmante divèsite an detay la. Nou kontan akeyi twazyèm dispansè nou an, Union Square Travel Agency, nan distri a."

Lisans CAURD la se yon poto santral nan kad Inisyativ Opòtinite Semansman Eta New York la. Atravè Inisyativ la, premye dispansè pou vann an detay legalman pou itilizasyon adilt yo pral opere pa sila yo ki te afekte pa entèdiksyon kanabis oswa òganizasyon san bi likratif ki gen sèvis yo ki enkli sipò pou ansyen prizonye yo. Dispansè sa yo ap vann kanabis legalman pou itilizasyon adilt ak pwodui kanabis ki kiltive pa Kiltivatè New York yo.

Pou ka elijib, aplikan yo dwe swa gen yon kondanasyon pou kanabis pou tèt yo, oswa yo dwe manm fanmi pwòch yon moun ki te kondane, epi posede oswa ki deja posede yon biznis ki te gen yon pwofi nèt pou omwen dezan. Òganizasyon san bi likratif yo elijib pou lisans CAURD si yo gen yon istwa nan sèvi ak moun ki nan prizon kounye a oswa ansyen prizonye, tankou kreye opòtinite pwofesyonèl pou yo; genyen omwen yon manm konsèy jistis ki enplike; omwen senk anplwaye aplentan; epi yo te opere yon antrepriz sosyal ki te gen byen nèt oswa pwofi pou omwen dezan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)